



Prevansyon Domaj Nefrotik Grav nan Ren

Sante ak sekirite pitit ou a enpòtan pou nou. Ou ka fè yon diferans nan swen pitit ou a lè w poze kesyon epi patisipe aktivman.

Ki sa yon medikaman nefrotoksik asosye ak domaj grav nan ren ye (N-AKI)?

Yon medikaman nefrotoksik ki asosye ak domaj grav nan ren (N-AKI) se yon domaj nan ren ki rive lè pitit ou a ekspozè a sèten medikaman, oswa konbinezon medikaman, pou yon peryòd tan pwolonje. Medikaman ki ka lakòz N-AKI gen ladan yo kèk anti-ipètansyon, antimikwòb, antineoplastik, kontras, iminosipresan, ak medikaman anti-enflamatwa ki pa esteroyid (NSAID).

Kisa n ap fè pou anpeche N-AKI?

Kèk medikaman ki ka lakòz N-AKI ka petèt nesèsè pou trete oswa dyagnostike kondisyon medikal pitit ou a. Lè yo bay pitit ou medikaman sa yo, ekip swen li a ap itilize yon diferan metòd pou ede anpeche N-AKI. Ekip swen pitit ou a pral:

- Limite itilizasyon medikaman sa yo lè sa posib.
- Asire w ke pitit ou a ap jwenn bon jan idratasyon nan bwè likid oswa yon IV (seròm nan venn).
- Siveye nivo medikaman yo bay nan kò pitit ou a.
- Siveye fonksyon ren yo atravè tès san woutin.

Kisa ou ka fè pou ede anpeche N-AKI?

Ou ka jwe yon wòl aktif nan ede anpeche N-AKI lè w poze ekip swen pitit ou a kesyon sou medikaman l ap pran yo epi si N-AKI se yon pwoblèm potansyèl. Asire w ke pitit ou a rete idrate pandan l ap pran medikaman sa yo epi avèti ekip swen yo sou nenpòt enkyetid oswa kesyon ou genyen sou fonksyon ren li. Kesyon ou ka poze ekip swen pitit ou a genyen ladan yo:

- Pou kisa medikaman sa yo ye?
- Konbyen tan li pral bezwen pran medikaman sa yo?
- Èske gen ranplasman pou medikaman yo?

Pale si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan N-AKI.